

## РАЙГУРÆН БÆСТÆ КА НÆ УАРЗУЙ, Е ÆХЕ ДÆР НÆ УАРЗУЙ!..

*ДЗАРАСТИ Солтан (1928-2015), экономикон наукити доктор: «Нæ бæлæхти сæйраг игурæн æй, нæхе карнæмæ кудфæндий цæстæй, устурзæрдæй ке кæсæн, уæдта хецаудзийнадæй беретæ, еугурадæмон есбонадæ ке къохти æй, етæ айдагъдæр сæхе уоди къоппабæл ке тухсунцæ, е. Уæхæн уавæрти нин нецыуавæр зонадон теоремитæ байагъаз кæндзæнæнцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№21 (847) 2022 анзи 10 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман




КАДЖАТИ Вадими конд хузæ «Скифти лæвæрттæ»

# ЦÆРÆ ÆМА ИРÆЗÆ, НÆ ЦИТГИН УÆРÆСЕ!..

Рæхги, 12 июни бæрæг кæндзинан нæ цитгийнаг бæрæгбæнттæй еу – Уæрæсей Бон. Бæрæг æй кæндзинан агъазиау мадзæлттæй, фал нæ цийнити хæццæ ба нин лæдæрд уодзæнæй абони нæ Фидибæстæ нури рæстæгути æ цардиуагæ вазуггин æма сагъæссаг уавæрти ке аразуй, е дæр.

Уой нимайгæй мухур кæнæн абони аци хузæ дæр. Уой хузæгæнæг Каджати Вадим искодта бæлвурд недзамайнаг таурæхъмæ гæсгæ. Цæветтонгæ, Персий паддзах Дарий Вавилон ку байста, Азийи мулк æма тугъдон тухæ æ дæлбарæ ку бакодта, уæд æ них исаразта скифтæмæ. Персий паддзах Дарий цидæриддæр адæмти æ дæлбарæ бакодта, уонæй еу дæр скифти хузæн хъаурæгин нæ адтæй. Еуемæ дæр си скиф Анахарсиси хузæн зундгонд ахургонд нæ адтæй. Уони хузæн си аййевадæмæ æмхиц неке адтæй. Уæлдай хъæбæрдæр ба арæхстæнцæ тугъдон гъуддагмæ. Сæ бæстæмæ син ка бампурсидæ, е си æ мæлæт иссеридæ, еуемæн дæр си фæстæмæ раздæхæн нæ адтæй, скифти ку нæ фæндæуидæ, уæд.

Цидæр адтæй, уæддæр Дарий исфæндæ кодта скифти æ дæлбарæ бакæнун. Фал еци тугъд ниддæргъвæтийнæ ‘й, кæрон ин нæбал адтæй. Æма Дарий рарвиста минæвар скифти паддзах Иданфирсмæ æ фæндони хæццæ.

3

## БÆРÆГБОНИ АРФÆ



## РАЙДЗАСТ КАРНИ ФАРНÆЙ ХАЙГИН УÆН ЕУГУРÆЙДÆР!..

**Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйлой арфæ нæ республики дзиллæн Уæрæсей Бони фæдбæл.**

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий хъазар цæргутæ!

Арфæ уин кæнун Уæрæсей Бони фæдбæл – ахсгиаг паддзахадон бæрæгбон æй, нæ Райгурæн бæсти, æ берæносон историй, нæ фидтæлти æма не ‘мдогонти бæгъатæр æскъуæлхтити, нæ царди алли къабæзти бæрзонд æнтæстити, æма нæ нифсгунæй нæ исонибонмæ цæрæццагæй ка кæсун кæнуй, еци еугур гъуддæгути нисанеуæг.

Нæ бæсти гъæздуг анзæрфинсти дзæвгарæ адтæй уæззау æма намусæйдзаг сифтæ. Уæрæсе еу æма дууæ хатти нæ исæмбæлидæ аллихузон цæлхдортæбæл, фал тæккæ уæззаудæр рæстæгути дæр нæ адæм тухæ иссеридæ, айдагъ нихмæ фæллæууунмæ нæ, фал фæуууæлахез унæн дæр.

Истори цæстуингæ хузи бавдиста, нæ паддзахади хъаурæ ‘й æ берæ адæмихæттити еудзийнади, цæмæй исонибони фæлтæрти цард деденæг кала, уой фæххуæздæр кæнунмæ тундзундзийнади. Мæнæ нур дæр, аци тухст рæстæгути дæр федарæй æуууæндæн, нæ арми ке бафтуйдзæнæй еугур æвзарæнти сæрти дæр сæрустурæй рахезун, уобæл. Иристони адæми карнæ æнгом баст æй Уæрæсей хæццæ. Фæрсæй-фарсмæ еумæ рацудан намуси нæдтæбæл, æвæллайгæй æма лæгæмдухæй нæ паддзахади экономикæ æма хуæдбарæдзийнадæ ирæзун æма федардæр кæнгæй. Нуртæккæ дæр мах, Уæрæсей еугур адæмти дæр еу кæнуй еу нисан – Фидибæсти тухгин, цардгъон æма идарддæри ирæзт.

Аци бæрæгбони мæ зæрдæ зæгъуй нæ республики еугур цæргутæн дæр федар æнæнездзийнадæ, фæллойни – æнтæститæ, фарнæ æма амондæй хайгин ун, нæ цитгин паддзахади идрддæри ирæзти хуæрзагадæн.


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!



ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Номдзуд Насреддини бафарстонцæ: «Зундгин кутемæй исун æнгъезуй?..» Æма уомæн æ дзуапп адтæй: «Хъæбæр æнцонæй. Дæ рази зундгин лæг ку дзубанди кæна, уæд имæ лæмбунæг игъосæ!.. Дæхемæ дин ку игъосонцæ, уæдта дæхе дзубандимæ игъосæ!..» Заманай зундамонæн фæдзæхст нæ нуриккон политиктæ æма депутаттæн.***

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**ТОМАЙТИ Ирбег, нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг**

– Аци анзи æртæ мæйей дæргъи Цæгат Иристони нæдтæбæл транспортон бæлæхти бæрцæ фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй фæмминкъийдæр æй 16% – 206-æй 173 адæймагемæ. Зингæ фæмминкъийдæр æй, гъигæдард си ка баййафта, уони нимæдзæ дæр – 355-æй 288 адæймагемæ. Фæммард си æй 23 адæймаги. Сувæллæнттæ гъигæдард кæми баййафтонцæ, фæндагон-транспортон уæхæн бæлæхтæ æрцудæй 23; 25 сувæллони си цæфтæ фæцæнцæ, еу сувæллон ба фæммард æй.



Нæ бæсти 26 июни уæнгæ рацæуудзæнæй наркотикти нихмæ æма æнæнез царди-уаги фæткитæ парахат кæнуни фæдбæл арæзт Еугуруæрæсеуон мæйон. Уæрæсей еугур регионти дæр æнхæстгонд цæунцæ аллихузон оперативон-профилактикон, физкультурон-спортивон, рохситауæн æма культурон дзиллон мадзæлттæ. Ахсгиаг æй уони мах республики дæр æнхæстæй исаразун – махмæ дæр ирæзгæ фæлтæри кæцидæр хай æгæр æхцул ке 'нцæ наркотиктæ, æндæр хъилматæбæл.



Фæстаг дууæ анзей дæргъи ниййерæги капитали сертификатти хецау ка иссæй, еци цубуркъох биййнонтæн фадуат ес амунд сертификатти фæрæзнити еу хай аллимæйон финансон агъази хузи есунæн. Ниййерæги капитали туххæй паддзахадон программи уагæвæрди куд загъд ес, утемæй уæхæн аллимæйон феддон æмбæлуй, дуккаг сувæллон кæмæн райгурдæй æма сæ еумæйаг æфтуйæггæгтæ минкъий кæмæн æнцæ, еци биййнонтæн. Уæлæнхасæн аллимæйон паддзахадон агъаз сувæллони номбæл лæвæрд цæудзæнæй, цалинмæ ибæл æртæ анзи исæнхæст уа, уæдмæ. Еугур фарстатæ дæр исбæлвурд кæнæн ес, уæхæн телефонтæй бадзоргæй: **8-800-600-03-71; 51-80-92.**

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Александр Пушкини номбæл аййевæдти Паддзахадон музейи цæгаткавказаг филиали адтæй нуриккон аййевади аллианзон фестиваль «Аланикæ» байгон кæнуни фæдбæл æмбурд. Аци проект иссæй аййевадон хъæппæреси Президенти фонди грантон ериси уæлахездзау.

Куд зонæн, утемæй нуриккон аййевади фестиваль «Аланикæ» æй Цæгат Кавкази цæстуингæ аййевади ахсгиагдæр проект. 2023 анзи байгон уодзæнæй æхсæрдæсæймаг хатт. Мадзали сæйрагдæр ихæс – нуриккон аййевади фæрци равдесун Цæгат Кавкази культурон бундори бунат Уæрæсей культурон царди. Проекти архайгутæ 'нцæ, фиццагидæр, хуæнхон æма хуæнхрæбунти минкъий музейтæ Иристон, Дагестан, Цæцæн æма Хъæрæсе-Черкесси арæнти, дуккаги ба – нуриккон аййевади косæг хузæгæнгутæ.

***

**Æрæги Сочий арæзт бæгæний равдистити рæстæг, бæгæнифицæн завод «Бавари»-йи разамунди хæццæ еумæ рахастан аци анзи сентябри кæрони радон «Бæгæнифицгути хонсайраг форум» Дзæуæгигъæуи исаразуни туххæй унаффæ. Аци хабар бæгæнифицгутæн æхцæуæнæй игъосун кæнун, – загъта журнал «Индустрия напитков»-и сæйраг редактор, «Бæгæнифицгути хонсайраг форум»-æн фадуæттæ исаразæг Михаил Сгибнев.**

**Айдагъ уæрæсейаг бæгæнифицгутæ нæ, фал Германийæй, Чехи, Венгри, Итали, Австри, Франци æма Америки Еугонд Штаттæй дæр минæвæрттæ кумæ 'рбацæунцæ, уæхæн дуйнеуон форум «Пиво. Сочи»-й «Бавари» рагæй архайуй.**

***

Компани «Газпром газдехгæнæн Дзæуæгигъæу» Алагири райони гъæутæмæ газ уадзуни куст идарддæр æнхæст кæнуй.

Нуриуæнгæ гъæути 51 хæдзареми газ бауагътонцæ, никкидæр ма 48 хæдзарей уæнгæ ба бахъæрттæнцæ газуадзæн хæтæлтæ. Аци анз никкидæр ма 105 курдиади кæронмæ банхæст кæнунмæ гъавунцæ.

***

**Нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр Тебиати Сослан куд фегъосун кодта, утемæй онкологон незтæй сæйгæ адæми гъæугæ хуастæй льготон æгъдауæй исефтонг кæнуни туххæй регионы бюджетæй радех кодтонцæ 150 миллион сомей бæрцæ фæрæзнитæ.**

**Æдеугурæй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади паддзахадон бюджетон косæндонæ «Республики онкологон диспансер» диспансерон уагæй цæстæ даруй 16 мин сæйгемæ. Аци сæйгитæй 1300 адæймаги æнцæ льготон хуастæй ефтонг кæнун гъæуагæ. Льготон хуастæй сæйгити исефтонг кæнунæн ба радех кодтонцæ 692 миллион соми, льготникти еумæйаг нимæдзæ 'й 64593 адæймаги. Анзи райдайæнæй нурмæ сæйгитæн равардтонцæ 371 миллион сомей аргъ 72 мин рецепти.**



# ХУÆЗДÆР АХУРГÆНГУТÆН – ПРЕЗИДЕНТОН ПРЕМИТÆ

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ахурадæ æма науки Министради пресс-службæ куд фегъосун кодта, утемæй аци бæнтти райдæдта педагогон архайди æнтæстдзийнæдти туххæй президентон премитæ райсуни фæдбæл конкурси регионалон къæпхæн. Уæхæн конкурс Уæрæсей еугур регионти дæр арæзт цæуй Президент **Владимир Путини** «Педагогон архайди зингæ æнтæстдзийнæдти тухххæй хуæздæр ахургæнгутæн премитæ дæттуни тухххæй» Указi бундорбæл. Конкурси тухххæй, уагæвæрди куд загъд ес, утемæй ериси ахургæнгутæн исаккаг кæндзæнæнцæ регионалон премитæ, конкурси уæлахездзаутæн ба ратдзæнæнцæ президентон премитæ фæйнæ 200 мин сомей бæрцæ.

Профессионалон дæснидзийнади конкурси архайуни фадуат ес, педагогон куст тæккæ минкъийдæр æртæ анзи ка кæнуй, алли къуæре дæр тæккæ минкъийдæр 18 уроки ка дæттуй, уæдта, æ кусти сæйраг бунат ахурадон организаций кæмæн æй, еци специалисттæн.

Ериси кæронбæттæни архайгутæ æма уæлахездзаути исбæрæг кæндзæнæй сæрмагонд конкурсон къамис (е 'уæнгтæ уодзæнæнцæ ахурадон организацити разамонгутæ, профцæдести, ахургæнгути ассоциацитæ æма ниййергути советти минæвæрттæ). Кæронбæттæни архайгутæ æма уæлахездзаутæ циуавæр бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ æвзурст гъæуама æрцæуонцæ, уони номхигъд исфедар кодта Уæрæсей Федераций Рохсади министрадæ.

Конкурси архайунвæндæ ка искæна, еци специалистти регистраци кæндзæнæнцæ 2022 анзи 10 июни уæнгæ, кæронбæттæни архайгути ба къамис равзардзæнæй 11 июнæй 17 июни уæнгæ.

Президентон пермитæ райсуни фæдбæл конкурси архайуни тухххæй документтæ бадæттæн ес нæ республики ахурадæ æма науки Министрадæмæ (**Дзæуæгигъæу, Бутырини гъæунгæ, 7, 30-аг уат**). Еугур фарстатæ дæр исбæлвурдгæнæн ес уæхæн телефонæй: **(8672) 29-15-15,** уæлæнхасæн номер – **305.**

Зæгъун гъæуй, 2021 анзи уæхæн конкурси уæлахездзаутæ иссæнцæ республики ахурадон косæндæнтти 6 специалистти.

# ÆРИГОН АХУРГÆНГУТИ ФОРУМ

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ фиццаг хатт уодзæнæй Æригон ахургæнгути форум «Школа молодого педагога: вектор PROдвижения». Республики еугур районтæй 50 ахургæнæгемæй фулдæр уæгъдебарæ уагæй æрдзубанди кæндзæнæнцæ нуриккон ахуради ахсгиаг лухкæнуйнаг фарстатæбæл.

– Аци æмбурд æригон педагогон профессионалон ирæзтæн, æнæмæнгæ, фæййагъаз уодзæнæй, – загъта министр. Форуми программæбæл бакустонцæ регионы ассоциаци «Анзи ахургæнæги» агъазæй.

Ассоциаций иуонгтæ æмбурди архайгутæн радзордзæнæнцæ нимæдзон технологитæй пайда кæнуни æма ахуради хæццæ баст æндæр гъуддæгути тухххæй. Ленингради облæсти профессион конкурсти уæлахездзаутæ æма лауреаттæ идæрддзæфмæ уагæй форуми архайдзæнæнцæ.

Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти агъазæй нæ республикæй ахурадæ æма науки Министрадæ æригон ахургæнгути форум «Школа молодого педагога: вектор PROдвижения»-йæн фадуæттæ исаразта.



# БÆРÆГБОНÆН – БÆРЗОНД ÆМВÆЗАДÆБÆЛ МАДЗÆЛТТÆ!..

ЗУНДГОНД куд æй, утемæй 2024 анзи Цæгат Иристони автономибæл æнхæст кæнуй сæдæ анзи. Уæрæсей разамунди фæндонæй еци агъазиау бæрæгбон гъæуама бæрæггонд æрцæуа бæрзонд паддзахадон æмвæзадæбæл. Уой фæдбæл арæзт æрцудæй сæрмагонд организацион комитет, кæций æрдигæй еудадзугон цæстдард цæуй бæрæгбонмæ цæттæ кæнуни фарстатæмæ.

Комитетæн æрæги ци æмбурд адтæй, уоми сæрдареуæг кодта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Юбилейæн ес устур ахедундзийнадæ, федералон æмвæзади дæр æй бæрæг кæндзæнæнцæ. Организацион комитет бацæттæ кодта сæйраг мадзæлтти пълантæ, æнхæст кæнун сæ райдайдзæнæнцæ 2024 анзи. Мах гъæуама алцидæр исаразæн, цæмæй гъуддæгутæ, афойнадæбæл æма тæккæ хуæздæр хузи æнхæстгонд æрцæуонцæ.

Бæрæгбони кадæн ци мадзæлттæ гъæуама арæзт æрцæуонцæ, уонæй уæлдай зингæдæр исуодзæнæнцæ Мæскуй нæ республики культури Бонтæ, зæрдæбæлдарæн продукций, национ æма юбилейон нисанти хæццæ нæ кустуæтти уагъд дзаумæутти равдист, «Фæстæмæ – 100 къахдзæфи», зæгъгæ, конкурс, фæсевæдон культурон-историон форум. Æдеугурæй финддæс искæнуйнаг гъуддаги.

Нæ республики культури министр **Галазти Эдуард** куд радзурдта, утемæй бавналдтонцæ еу анзæй иннемæ рахезæг авд мадзали æнхæст кæнунмæ. Сæ еуетæ æнцæ информацион хабæрттæ игъосун кæнуни хæццæ, рохситауæн æма рауагъдади архайди хæццæ, сувæллæнтти исфæлдистади Галауани культурон бунтæ реставраци искæнуни хæццæ æма Алагири музей-парки комплексмæ базелуни хæццæ баст. Æмбурди ма дзурдтонцæ юбилейи кадæн зæрдæбæлдарæн æхца рауадзуни фарстабæл дæр. Республики Сæргълæууæг бафæдзахста оргкомитетæн, цæмæй хъæппæрестæ æрветонцæ мадзæлтти пъланмæ:

– Аци бæрæгбон нæ еугуремæн дæр ахсгиаг æй, ами ка нæ цæруй, етæ дæр ин гъæуама æ ахедундзийнадæ банкъаронцæ. Кадгин мадзæлттæ искæнун гъæуй бæрзонд æмвæзадæбæл.

**Зундгонд журналист æма æхсæнадон архайæг, Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт архайæг Хъесати Александри фурт Владимири райгурдбæл 15 июни æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1932-2015).**

*Индий фарни лæг Рабиндранат ТАГОРИ (1861-1941) гъуди: «Наци гъæуама æ зунди цирагъ рахуссун кæнун ма уадза – цæмæй иннæ нацити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æнамонд æй, цирагъ кæмæ нæййес, еци адæм. Фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй кæмæн байстонцæ, кенæ ба 'й æвæгæсæй ка ниууагъта, еци адæм...»*

# ЦÆРÆ ÆМА ИРÆЗÆ, НÆ ЦИТГИН УÆРÆСЕ!..



Æ фæндон ба адтæй: «Ци ледзис мæ разæй, барæ дæ ку ес дууемæй еу равзарун, уæд? Кæд дæ хъаурæй мæ нихмæ фæллæуунмæ дæ нифс хæссис, уæд æрлæууæ, ниуудадзæ дæ хæтун æма мæ хæццæ истохæ. Кæд дæхе æгæр лæмæгъ æнгъæлис, уæддæр гъæуама æрлæууай, ниуудадзай дæ ледзун æма æз куд дæ æлдар, уотæ мин гъæуама æрбахæссай лæваræн зæнхæ æма дон æма райдайæ дæ дзубанди».

Аци дзурдтæн скифти паддзах Иданфирс равардта уæхæн дзуапп: «Мæ уавæр уæхæн æй, паддзах! Æз раздæр дæр некæд лигъдтæн еске тæссæй æма нур дæр дæуæй нæ ледзун...»

***

Еу дзæвгарæ рæстæги фæсте, скифтæ ку балæдæрдтæнцæ, персайнæгтæ сæ итигъд будурти æрдæгстонгæй – æрдæгæфсесæй ке истухстæнцæ, уой, уæд скифти паддзæхтæ Дариймæ федеуæги хæццæ рарвистонцæ уæхæн лæвæрттæ: цъеу, мистæ, хæпсæ æма фондз фати. Персайнæгтæ минæвари бафарстонцæ: аци лæвæрттæ ци нисан кæнунцæ, зæгъгæ. Фал син е загъта, æ ихæс ке æй лæвæрттæ раттун æма уайтæккæ фездæхун. Кæд, дан, персайнæгтæ уойбæрцæ зундгин æнцæ, уæд син уæхуæдтæ сæ нисанеуæг гъæуама балæдæрайтæ.

Минæвари фæстаг дзурдтæ персайнæгти сагъæси багæлстонцæ. Дарийи гъудимæ гæсгæ скифтæ аци лæвæрттæй лæдæрун кæнунцæ, сæхе æ дæлбарæ ке кæнунцæ, уой. Æма ин уомæ гæсгæ æрбахастонцæ зæнхæ æма дон. Гъома, мистæ цæруй зæнхи буни æма адæймаги хузæн цæруй бæркæдтæй, хæпсæ цæруй дони, цъеу тагъд ке тæхуй, уомæй хъæбæрдæр æй бæхи хузæн, фæттæ ба æвдесунцæ – скифтæ сæ хæццæ истохун фæндæ ке нæбал кæнунцæ.

Уæхæн дзубанди ракодта Дарий, фал æ нихмæ рацудæй Гобрий (æ унаффæгæнæг).

Лæвæртти нисанеуæг е балæдæрун кодта уотæ: «Кæд сумах, персайнæгтæ, цъеути хузæн арвбæл нæ ратахтайтæ, кенæ мистити хузæн зæнхæбæл нæ рабурайтæ, кенæ хæпси хузæн цъимарамæ нæ ниггæппитæ кодтайтæ, уæд фæстæмæ нæбал раздæхдзинайтæ, уæ мæлæт иссердзинайтæ аци фæттæй».

Хабæрттæ идарддæр куд рауадæнцæ, е, ку зæгъæн, даргъ дзубанди æй, уомæ гæсгæ ба 'й цубурæй зæгъдзинан:

Дарийæй баруагæс æй, Гобрий раст ке балæдæрдтæй скифти лæвæртти нисанеуæг: «Нур æй мæхуædæг дæр уинун, нæ гъуддæгутæ ци уавæри 'нцæ, уой. Гъæуй нæ хуарз рагъуди кæнун, цæмæй æдасæй фæстæмæ нæхемæ рандæ уæн, уобæл...»

Нур цæйбæрцæбæл рæстæг рацудæй, сауæнгæ Советон Цæдеси фехæлдæй фæстæмæ Уæрæсей нихмæ ци фудмиутæ ба нæ аразунцæ æ фесафуни зæрдтæй. Цидæртæ син, гъулæггагæн, бантæстæй, уæлдайдæр ба нæ адæмон хæдзаради цардгъон къабæзтæ фехалунæн. Фал фæстаг æнзти син карз нихкъуæрд лæвæрд ке цæуй мах æрдигæй, е ба сæ зæрдæмæ æгириддæр нæ цæуй, æма нæ паддзахади алфамбулай хилкъахæнтæ аразунцæ, аллихузон санкцитæй нæмæ 'вздунцæ. Е уæлдайдæр рабæрæг æй, Украини нин нæ нихмæ ардаугæй си ци цаутæ ракъахтонцæ, уомæй.

Фал сæ фудвæндитæй ке неци рауайдзæнæй, е абони барæ-æнæбари сæхецæй дæр æруагæс кæнун байдæдта. Æма еци æдзæстуарзонти, сæ сæргъи Америки Еугонд Штаттæ, уотемæй, кадæртæ, æвæдзи, фæсмон кæнун дæр байдæттонцæ, еци илгъаг миути архайунбæл ке райарази 'нцæ, уобæл – сæ фудмиутæ сæхецæн фуддæр рауадæнцæ.

Уæрæсе ба æ адæмти нифс æма разæнгарддзийнадæй алкæддæр тухгин адтæй æма амæй фæстæмæ дæр, федарæй æруагæс кæнуй, тухгинæйтугхгиндæр кæндзæнæй. Нæ бæсти президент Владимир Путин фæстаг рæстæги цаутæ æма хабæрттæн аргъ кæнгæй хумæтæги нæ загъта: «Тухтæ, хъауритæ алкæддæр гъæунцæ – алкæддæр, æцæг хъауритæ дæр аллимуггаг фæуунцæ... Мах ба 'й зонæн, æцæг тухæ цæй медæгæ 'й, уой – рæстадæ æма рæстдзийнади, етæ ба мах æрдигæй æнцæ... Æма етæ ба махæн æнцæ æнæмæнгæ гъæугæ бундор нæ исонибони арæзтадæн, нæ еумæйаг хæдзарæ федауцæй исамайунæн, бийнонтæ дарунæн, нæ Фидибæсти хуæрзагадæн...»

Гъе уомæ гæсгæ ба Уæрæсей Бони кадæн арфитæ кæнгæй, еузæрдиуонæй зæгъæн: «Цæрæ æма ирæзæ, нæ цитгин Уæрæсе!..»

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Кæддæр, дан, æртæ æнсувæри, балций уогæй, исцурæвæрæ 'нцæ еу арф къагъдбæл. Уоми ба бадтæй Амонд.*

*Æнсувæртæй еу æрлæудтæй къагъди билæбæл æма Амондæй ракурдта æхца. Амонд æй берæ æхцатæй ку фæххайгин кодта, уæд амондгунæй рандæй.*

*Иннæ æнсувæр ракурдта рæсугъд силгоймаг. Уой курдиадæ дæр исæнхæст кодта æма æ фурамондгунæй æ рæсугъд силгоймаги хæццæ фæддунд æй.*

*Уæдмæ æртиккаг æнсувæр дæр никкастæй къагъдмæ.*

*– Ци дæ гъæуй? – фæрсуй æй Амонд.*

*– Æма дæу ба ци гъæуй? – бафарста æй лæхъуæн.*

*– Ардигæй мæ ку исесисæ, – ракурдта си Амонд.*

*Лæхъуæн имæ æ къох ниддæлæмæ кодта, исласта Амонди еци къагъдæй, æма уотемæй рараст æй идарддæр æ надбæл...*

*Амонд дæр æ фæдбæл ранæхстæр æй...*

***

Аци таурæхъ раст цума Уæрæсей дзилли карни фæдбæл æй. Амонди сæрбæлтау бахъиамæт кæнунæй æхецæн æгириддæр ка нæ базин кодта, етæ си æгæрдæр ма фæххайгин æнцæ цардиуаги еугур хуарздзийнæдтæй дæр: æхцатæ – мулкитæй, сæ уодтæн хеерхæфсæнтæй... Хумæтæг, рæстзæрдæй амонди сæрбæлтау ка хъиамæт кодта æма кæнуй, етæ си – фудевгед. Кæд æма амонд фудрауæнти ку бахауй, уæд æй уомæй етæ кæд иссæребарæ кæнунцæ, уæддæр, еци æртиккаг æнсувæри хузæн, сæ фæдбæл нæ ранхæстæр уй арфиагæй, фал сæбæл фæцъцъерф кæнуй æма æнаккæгти 'хсæн исмедæг уй...



**Александр СОЛЖЕНИЦЫН (1918-2008), финсæг: «Нæ адæмæй беретæ раздæри æнæраст гъуддæгутæбæл ку æрфæсмон кæнонцæ, къох сæбæл ку исесонцæ, айдагъдæр гъе уæд искæдзос уодзæнæй уруссаг уæлдæф, уруссаг мæрæ, æма ирæздзæнæй нæуæг национ цард. Мæнгæ, цъумур хуми кæдзос ести æрзайунгæнæн нæййес…»**

Æма аци «зундамонæг» Солженицын æхуæдæг е 'мдзæхдонти хæццæ нин нæ уодварни федауцæ хумтæ сæ мæнгæттæй, сæ цъифгалæнтæй, сæ цъумур æримисгитæй уойбæрцæбæл нихъхъамил кодтонцæ, æма си, æцæгæйдæр, цалинмæ сæ уони «бундайрадæй» не 'суæгъдæ кæнæн, уæдмæ си кæдзос, нæ æхсæнадæн фарнæхæссæг тиллæгæн сæ исцæттæ уæн нæййес...

**Михаил ЗАДОРНОВ (1948-2017), финсæг – сатирик: «Газети финститæй: «Нæ колхоз лæудтæй сæрисæфæни тæккæ билæбæл. Райарæзти фæрци ба размæ агъазиау къахдзæф ракодта...»**



Æма айдагъ еци колхоз сæрисæфæни билæбæл лæугæй размæ ку ракъахдзæф кодтайдæ! Фал нæ гъомусгин бæстæ æнæгъæнæй дæр!.. Æма кæми равзурдан? Цал æма цал хатти гъе уæхæн сæрисæфæнти – е дин приватизаци, е дин базарадон экономикæ æма æнд. – билæбæл æрлæугæй, агъазиау ампъезтæй размæ рагулф кæнианæ. Хуæздæрмæ бæлгæй алли фидбилизти хъилмати исæвдулдан...



**Василий РОЗАНОВ (1856-1919), философ: «Еунæг адæймаг дæр æстауни аккаг нæй. Алли адæймаг дæр тæрегъæддаг æй...»**

Æцæгæйдæр, куд ес растауæн нури хецаудзийнади, ка 'й, уони – паддзахади гъуддæгутæ сæхемæ райсгæй æма уой пайдайæн архайунæй ихæсгин уогæй. Уотемæй ба айдагъдæр сæхе æма сæ хеуæнтти хуæздæрæн æнцæ сæ сагъæстæ. Гъе уой фудæй хумæтæг адæм гъезæмæрттæ кæнунцæ. Æма, æцæгæйдæр, етæ 'нцæ тæрегъæддаг.

**АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..**

## КУСТ АРÆХСТГИН КЪОХТÆ УАРЗУЙ, КОСÆГ БА – ХУАРЗ УЛУПА!..

***Аци загъд алкæддæр ахсгиаг адтæй фæллойнæгæнæг адæймагæн, нури тухст рæстæгути ба ма сагъæссаг дæр иссæй. Еуемæй, алкæмæн кæми ес равгитæ аккаг куст – дæ зæрдæмæ дæр куд цæуа, уæдта дæ хъиамæтæн дæр дин аккаг улупа куд федонцæ. Уомæ гæсгæ ба беретæ цийфæнди кустбæл дæр исарази унцæ, гъома, уæддæр ести уа æхе дæр æма æ бийнонти дæр естæмæйти фæддаруни гæнæнтæ. Уогæ нифс ба нæ нидæндæр кæнуй, æма ни алкедæр бæллуй, исонибони уавæр хуæздæр уодзæнæй, зæгъгæ. Циуавæр улупабæл арази айтæ æнæнцойнибæнттæ æма æнæ фæлладуадзæн рæстæгæй (отпускæй) косунбæл? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ равардтонцæ Уæрæсей еугур регионти цæргутæмæ (æдеугурæй – 5000 адæймагемæ). Æма куд рабæрæг æй, уотемæй нæлгоймæгти финансон æнгъæлдзаутæ 24% фулдæр æнцæ силгоймæгти бæлдитæй. Мадта уæддæр циуавæр улупа есун фæндуй адæми:***



**172 000 соми – гъе уæхæн улупабæл уæрæсейæгтæ арази 'нцæ æнæнцойнибæнттæ косунмæ**

**167 000 соми – гъе уæхæн æй рæстæмбес улупа, кæцибæл уæрæсейæгтæ арази 'нцæ æнæ фæлладуадзæн рæстæгæй (отпускæй) косунмæ.**

**193 000 соми – нæлгоймæгтæ; 156 000 соми – силгоймæгтæ**

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Гагити Максими фурт Александри райгурдбæл 16 июни æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1981).**

***Аврелий АВГУСТИН (354-430), рагонромаг философ: «Силгоймаг нæлгоймагæн æхсийнæ цæмæй уа, уомæн æй Хуцау ку лæвардтайдæ, уæд æй исфæлдистайдæ нæлгоймагæн æ сæрæй, цагъайрагæн æй ку лæвардтайдæ, уæдта – нæлгоймагæн æ къахæй; фал æй Хуцау равардта нæлгоймагæн е 'мбал, е 'мсæр ун, æма 'й исфæлдиста нæлгоймагæн æ фæрскъæй...»***





# СИЛГОЙМАГИ ФАРНÆЙ КУД ИСФЕДАУА ЦАРД!..

НÆ РЕСПУБЛИКИ силгоймæгти Советæн æрæги ци æмбурд адтæй, уоми дзубанди цудæй нæ абониккон цардарæзти берæ ахсгиаг фарстати æма уони гъæугæ хузи райаразуни фæдбæл.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, берæ гъуддæгути силгоймаги зундирахаст ахедгæдæр æй, берæ цæмæдæртæмæ хуæздæр исарæхсуй. Æ ацъагъуæдзийнæдти туххæй бæрзонд цæстиварди адтæй сауæнгæ нæ рагфидтæлтæмæ дæр. Уонæй нæмæ уой фæдбæл берæ дессаги таурæхътæ æрбахъæрттæй. Сæ еугурей ракой кæнуни равгæ нин нæййес, фал си еуей ба æримисдзинан.

Цæветтонгæ, недзаманти цардæнцæ тугъдцомахъ силгоймæгтæ – амазонкитæ. Скифтæ сæ нæлæстæгмаргутæ худтонцæ. Уомæн æма, цæуæт кæмæй уагътонцæ, еци лæгти, уæдта сæхецæй игурд биццеути дæр маргæ кодтонцæ. Сæ кизгутти ба ахур кодтонцæ тугъдон гъуддæгутæбæл.

Скифтæ сæ ку базудтонцæ, ка 'нцæ æма ци 'нцæ, уой, уæд сæ нихмæ тох кæнуни бæсти баунаффæ кодтонцæ амазонкитæмæ сæ лæхъуæнтæй барветун, цæмæй æрлимæн уонцæ: уомæн æма сæ еци тугъдон силгоймæгтæй гъудæй федар цæуæт – муггаг.

Скифти æрвист фæсевæд, сæ хестæртæ син куд байамудтонцæ, уотæ бакодтонцæ. Кутемæйти, е дæргъвæтийнæ дзубанди æй, уомæ гæсгæ ба 'й цубурæй зæгъдзинан: адтæй-нæ-адтæй, уæддæр амазонкитæ скифти лæхъуæнтæн иссæнцæ сæ бийнойнæгтæ.

Лæгтæн сæ уостити æвзаг исахур кæнун сæ бон нæ бацæй, фал уоститæ ба базудтонцæ сæ лæгти æвзаг. Æма кæрæдзей лæдæрун ку райдæдтонцæ, уæд лæгтæ загътонцæ амазонкитæн:

– Махæн ес ниййергутæ, есбон. Идарддæр уæхæн цард кæнун нæ бон нæбал æй, уомæ гæсгæ ба нæ фæндуй нæхеуæнттæмæ раздæхун æма нæ адæми 'хсæн цæрун. Сумах дæр рацотæ, еунæг сумах уодзинайтæ нæ уоститæ, æндæртæ нин нæ уодзæнæй.

Уой фæдбæл син амазонкитæ равардтонцæ уæхæн дзуапп:

– Махæн нæ бон нæй уæ силгоймæгти хæццæ цæрун. Уомæн æма не 'гъдæуттæ, нæ цардиуагæ еу нæ 'нцæ... Мах фатæй æхсæн, арцитæ æхсæн æма бæхтæбæл догъи уайæн, силгоймаги куститæбæл ба ахур нæ ан. Уæ силгоймæгтæ ба, ке ранимадтан, еци гъуддæгутæмæ нæ арæхсунцæ, айдагъдæр æнхæст кæнунцæ силгоймаги куститæ, бадунцæ æхгæд уæрдунти, цауæн нæ кæнунцæ, æгириддæр некумæ цæунцæ. Гъе уомæ гæсгæ сæ хæццæ нæ бафедаудзинан. Кæд уæ фæндуй, цæмæй мах уæ уоститæ уæн, уæхуæдтæ ба раст адæймæгутæ, уæд уæ ниййергутæмæ фæццотæ æма уæ фæллойни хай рахæссетæ. Ку 'рбаздæхайтæ, уæдта, цæй, æма хецæнæй нæхецæн цæрæн.

Аци таурæхъ бакæсгæй кадæр, ка 'й зонуй, бадес кæндзæнæй, гъома, нуриккон цардарæзти фæдбæл дзубандий ба недзамайнаг хабар ци 'рдигæй багъудæй. Еуемæй, уинетæ 'й, амазонкитæ куд дессаг исарæхстæнцæ скифаг сахъ лæхъуæнти сæхе уайæнти рауайун кæнунмæ; иннемæй ба, абони бустæги æндæрхузон уавæрти дæр силгоймаг берæ цæмæдæрти нæлгоймагæй зингæ рауон-циуондæр разиннуй. Уомæ гæсгæ ба, мæнæ ци æмбурди кой кæнæн, уоми æ радзубандий нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** дæр комкоммæ куд баханхæ кодта, утемæй, силгоймагæн Кавкази рагæй-æрæгæмæ дæр уæлдай устур кадæ адтæй:

– Силгоймаги усхъитæбæл нуртæккæ царди берæ уæзæ æрæнцадæй: хæдзари гъуддæгутæй уæлдай ма косгæ дæр кæнуй æма ма æхсæнадон царди ахсгиаг фарстатæ рæстмæ райаразуни гъуддаги дæр баргъонæй архайуй. Раст зæгъгæй, æз арази некæд адтæн, цæмæй силгоймаг æфсади службæ кæна, уобæл. Фал цардарæзтмæ ба алли доги дæр æхе аразигæнæг фæтки раргом уй, æма нуртæккæ берæ силгоймæгтæ сæхецæн аккаг кæнунцæ æфсæддон карнæ, равзурстонцæ Фидибæстæ гъæуай кæнуни дæсниадæ сæ ихæстæ нæлгоймæгтæй лæгъуздæр не 'нхæст кæнунцæ. Нуртæккæ æхсæнади медæгæ уавæр уотæ 'й, æма фулдæр силгоймагæй аразгæ 'й ирæзгæ фæлтæри гъомбæладæ дæр.

Нæ нуриккон фæсевæди туххæй дзоргæй, фиццагидæр, кæсун гъæуй, æ ниййергутæ си кæмæн ка 'нцæ, уомæ нæ, фал етæ сæхуæдтæ сæхе ци хузи æвдесунцæ æхсæнади, цæйбæрцæбæл сæхе ихæсгин кæнунцæ æхсæнадон ихæстæй, кутемæйти аразунцæ сæ карнæ. Уой фæдбæл дзоргæй, республики силгоймæгти Совети разамонæг **Хабицти Ларисæ** æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй, зæгъæн, нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн æ дууæ фурти дæр абони архайунцæ тугъдон операций Украини.

Æма ма берæ æндæр ауæхæн дæнцитæ æрхæссæн ес. Хабицти Лариси хæццæ ма арази ан уомæй дæр, æма абони Донбасси сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, уонæй беретæн, æцæгæйдæр, равгитæ адтæй сæхе еци уæззау æма тæссаг гъуддагæй фæттиллеф кæнунæн – кæми сæ ниййергути фæрци, кæми ба æндæр цæйдæрти фæрци. Фал уæхæн миуæ сæ сæрмæ не 'рхастонцæ, разиндтæй сæмæ лæгдзийнадæ, æма рæстзæрдæй æнхæст кæнунцæ се 'фсæддон ихæс. Æма син Хуцауæй еци корæги корæн, цæмæй сæ хæдзæрттæбæл исæмбæлонцæ цардæгасæй æма æнæгъигæдардæй.

Нур ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма Райгурæн бæстæн тæссаг ку уидæ, æндагон знæгтæ имæ ку æрбалæбориуонцæ, уæд æ сæрбæлтау тохмæ еци еузæрдиуонæй фæннæхстæр уиуонцæ нæ тохунгъон дзиллæ – хецауеуæггæнæги æви хумæтæг фæллойнæгæнæги цæуæт æнцæ, уой нæ нимайгæй. Зæгъæн, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ фронти тох кодтонцæ Советон Цæдеси уæлдæр разамонгути фурттæ дæр. ***(Уой туххæй æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.)***

Æмбурди ци берæ фарстатæбæл цудæй дзубанди, уонæн сæ еугурей туххæй бæлвурдæй радзоруни равгæ нин нæййес, уомæн æма нин нæ редакцийæй уордæмæ неке байагурдтонцæ, цæмæдæр гæсгæ сæ нæ багъудан. Фал си уæддæр кæцидæрти кой ба ракæндзинан – иннæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй сæ кутемæй базудтан, уотемæй. Еци æмбурди, дан, дзубанди рацудæй нæ маддæлон æвзаги уавæри фæдбæл, бæлвурддæрæй ба – цæмæй нæ республики Конституцимæ хаст æрцæуа уæхæн æййивддзийнадæ, кæцимæ гæсгæ дигорон æвзаг диалект гъæуама ма хунна, фал ин лæвæрд æрцæуа æвзаги статус. Аци фæндони фæдбæл ка радзурдта, уонæй кедæрти гъуди адтæй: ауæхæн фарстатæ æвæрд ке цæуй, е устур таси æфтауй æхсæнадæ. Æнæуойдæр, дан, бæрцæй армидзагæй æндæр нæ ан, æма уæхæн гъуддæгутæбæл дзоргутæ архайунцæ бустæгидæр нæ ниддехтæ кæнунбæл.

Аци хузи дзубандитæ бустæги æнæбунати 'нцæ. Еуемæй, дигорон æвзаги сæрбæл ка дзоруй æма æ хуæздæр исонибонбæл ин ка архайуй, уони еугурæй дæр хилкъахгутæбæл æма нæ адæми дехтæгæнгутæбæл нимайæ, е æгириддæр раст нæй, е æримисгæ миуæ æй. Иннемæй ба, мæнæ бабæй фæстаг рæстæгути дигорон æвзаг æма литератури нихмæ, гъома, æгириддæр нæ некæми гъæунцæ, зæгъгæ, еци мæстæлгъæй ка дзоруй, еци къæсибадгутæн цæмæннæ бауайдзæф кæнунцæ? Утемæй ба еци дзæнгæдацæгъдгутæ æцæгæй æнцæ хилкъахгутæ, нæ адæми кæрæдзебæл ардаугутæ.

Дигорон æвзаги статусбæл дзоргутæн ба уайдзæф нæ кæнæн – сæ гъуди зæгъуни барæ сæ ес, – фал сæ уотæ бафæрсуйнаг ан: нур дигорон æвзагæн Конституцимæ гæсгæ æвзаги статус ке нæййес, уой фуд æй, нæ маддæлон æвзагбæл ци еунæг газет «Дигорæ» æма еунæг журнал «Ирæф» уагъд цæуй, уони бæрцæй хъæбæр минкъий, ходуйнаги минкъий адæм ке рафинсуй, е? Мадта уотæ зæгъæн: дигорон æвзаги карнæбæл æцæгæйдæр ка тухсуй æма ин хуæздæр исонибон ке зæрдæ зæгъуй, етæ сæ еци уодиконд уотид дзубандитæ кæнуни разæй бал бавдесæнтæ уомæй, æма дзиллонæй рафинсæнтæ нæ дигорон газет æма журнал.

Æмбурди ма дзубанди рацудæй Задæлески Нанай туххæй – гъома, дигорон адтæй æви ирон, зæгъгæ. Уой фæдбæл дзубанди буцæугомау рауадæй, æма бабæй си райгъустæй уæхæн гъуди дæр: нæ адæми еудзийнадæн тæссаг ци фарстатæ 'нцæ, уонæмæ æвналун дæр нæ гъæуй. Еци гъуди, æвæдзи, бустæги раст нæй. Æхсæнади медæги ци дзубанди иситинг уа, уой цийфæнди ку гъос кæнай, цийфæнди тасæфтауæг ку хонай, уæддæр ин рæстæгæй-рæстæгмæ æнæфæззинæн нæ уодзæнæй, хе пайдайæн ардауæн миутæ ракъахгутæ алкæддæр разиндзæнæй. Уомæ гæсгæ ба, æхсæнади медæгæ ци æзгулигæнæг фарстатæ фæззиннуй, уонæбæл гъæуама дзоронцæ, кæрæй-кæронмæ сæ ка зонуй æма рæстдзийнадæ зæгъунгъон ка 'й, уæхæн ахургæндтæ æма специалисттæ, æндæра цидæр æмбурдти уотид радзорæ-бадзоритæ ба зæранæй уæлдай неци 'нцæ. Æма нæ зæрди ес, мæнæ уæлдæр ци фарстати кой ракодтан, уонæбæл бæлвурддæрæй æрдзорун.

***

Задæлески Нанай туххæй дзоргæй, Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институти директор, историон наукити доктор **Хъанухъуати Зæлинæ** æ радзубандий уотæ загъта:

– Еу силгоймаги бон бацæй аланти байзайæггæгти багъæуай кæнун, уæд нуртæккæ мах бон нæ Иристони багъæуай кæнун нæ бауодзæнæй?..

Аци фарста æ бунати æй, фал ин мах ба циуавæр дзуапп ратдзинан.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

# ЦЪИФКАЛÆН ДАН-ДУНТÆН – РÆСТДЗИЙНАДÆЙ НИХКЪУÆРД!..




НУРТÆККИ æхсæнадæмон уавæр хопъали уæнгæ ‘й хъæбæр сагъæссаг, цæмæйдæрти тæссаг фæззиндтитæй. Уонæй беретæ ба комкоммæ арæзт цæунцæ Уæрæсей нихмæ, уой экономикон æма социалон-политикон гъомусадæ æрнидæн кæнуни нисанеуæгæй. Е дин аллихузон санкцитæ æма æндæр фудвæндитæ, кæцитæй нæмæ æвзедунцæ дуйней кæцидæр æдзæстуарзон паддзахæдтæ. Уой хæццæ ба нæ бæсти нихмæ иситинг кодтонцæ информацион тугъд. Æма нæ багъудæй еци фудмадзалæн карз нихкъуæрд раттунмæ исарæхсун. Кутемæй æма цæй фæрци? Гъе уобæл цудæй дзубанди, æрæги Дзæуæгигъæуи сæрмагонд наукон-практикон конференций. Аци мадзал арæзт æрцудæй Цæгат Иристони паддзахадон университет æма нæ республики национ политики æма æндагон бастдзийнæдти министради хъæппæресæй.

Пятигорски паддзахадон университети профессор, политикон наукити доктор, наукон-ахурадон центри разамонæг Майя Аствацурова си искодта доклад «Уæрæсей национ æдасдзийнадæн информацион æвзедæнтæ: лухкæнуйнаг фарстатæ æма сæ ралух кæнуни гæнæнтæ». Æ радзубандий е уотæ баханхæ кодта:

– Нуртæккæ дуйней, фиццагидæр ба Уæрæсей алфамбулай политикон уавæр цæйбæрцæбæл вазуггин æй, уомæ гæсгæ махæй алкæмæн дæр æ ихæс æй, æнæбундор, уæлдайдæр ба кæрæйкæронмæ дæр цъифкалæн ка ‘й, уæхæн «хабæрттæ» нæмæ цæмæй парахатгонд ма цæуонцæ, уой туххæй тухгин, ахедгæ мадзæлттæ аразун. Уомæ гæсгæ ба гъæуама æруагæсдæргæнæн хабæрттæ фулдæр хъæртун кæнæн дзиллæмæ, нæ рæстдзийнадæбæл сæ гъæуама æууæндун кæнæн информацион æгъдауæй æнхæст æрмæгутæй.

Еузагъдæй: æхсæнади сæризунди гъæуама федаргонд цæуа æ рæстадæй пайдахæссæг хабар. Уомæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй еу рагон цау.

Цæветтонгæ, рагонбердзейнаг зунди лæг Сократмæ, дан, еу лæг æрбацудæй æма ин загъта:

– Дæ хæлæрттæй ке фегъустон, еу уæхæн хабар дин мæ бон æй радзорун...

– Еуминкъий багæдзæ кæнæ. Ци хабар мин радзоруйнаг дæ, уой бал раздæр ниффæлсодзун гъæуй. Уой туххæй ес æртæ фæлсодзæни. Фиццаг хуннуй – рæстдзийнадæ. Зæгъай мин, федарæй ди æруагæс кæнуй, ци мин радзоруйнаг дæ, е раст ке ‘й, е?

– Не ‘руагæс кæнуй, – дзуапп равардта лæг. – Æз дæр æй æндæр кæмæйдæр фегъустон.

– Мадта, нур ба – дуккаг фæлсодзæн: ци мин радзоруйнаг дæ, е хуарз хабар æй æви лæгъуз?

– Æргом дзоргæй, хъæбæр лæгъуз хабар.

– Ес ма æртиккаг фæлсодзæн: ести пайда æй дæ радзоруйнаг æви нæ?

– Æвæдзи нæй, – дзуапп равардта лæг.

– Мадта уæд, растдæр ка нæй, хуарз дæр ка нæй, пайда дæр кæмæй неци ес, еци хабар мæн цæмæн гъæуй?..

Мах дæр, нæ нуриккон уæрæсейаг æхсæнадон цардарæзти гъæуама арæхсæн, раст ка нæй, лæгъузхæссæг ка ‘й æма зæранæй уæлдай кæмæй неци пайда ес, уæхæн таустæбæл хъоди кæнунмæ.

Уой фæдбæл дæр Майя Аствацурова уотæ загъта:

– Паддзахадæ берæ мадзæлттæ аразуй аци гъуддаги – сæрмагонд закъонтæ федаргонд цæунцæ, фæсарæйнаг зæранхæссæг сайттæ æма аккаунттæ æхгæд цæунцæ. Æфхуæрунцæ, аци фейктæ ка уадзуй, уонæй берети. Гъулæггагæн, сæ фæззинд бауорамунæн ахедгæ равгитæ нерæнгæ нæма ес.

Уомæ гæсгæ ба еунæг мадзал – официалон æма рæстаг информацийæй син карз нихкъуæрд дæттун, сæ мæнгæдзийнадæ син æргом кæнун.

Не ‘знæгтæ уогæ ба сæ фурмæстæлгъадæй цитæ ба нæ æримисунцæ. Зæгъæн, рапарахат кодтонцæ уæхæн мæнгæттæ, гъома, æфсæддон операций рæстæг Донбассмæ Уæрæсей регионтæй ци гуманитарон агъаз æрвист цæуй, уой фæдбæл – уоми, дан, æхсири къоппити рæмодзæн æрмæг нивværунцæ, ка ‘й райсуй, уой къохи фехæлуй, зæгъгæ, уæхæн хабар нихъхъуæдат кодтонцæ. Куд ес бауузæндæн уобæл, æма Донбасси цæргутæн сæ цардиуаги еугур гъуддæгутæй рæстуодæй ка агъаз кæнуй, етæ уæхæн æверхъаудзийнадæ исараздзæнæнцæ?!.

Еума бæлах ба ма е æй, æма æдзæсгон миутæ аразуни «æскъуæлхунцæ» айдагъ фæсарæйнаг хабархæсгутæ нæ, фал син, гъулæггагæн, нæ «æмбæстонти» æхсæн ци хъозæнттæ разиннуй, етæ дæр. Уогæ еци данкъати æмбæстонтæ исхонун не ‘нгъезуй – етæ нæ фæсарæйнаг знæгтæй знагдæртæ 'нцæ.

Æма нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдари хуæдæййевæг Гæбæлати Мæдинæн æ радзубандий сæр адтæй, информацион тугъдтитæ терроризм æма æнæбухсондзийнадæ ке игурун кæнунцæ, уобæл:

– Нæ паддзахадæн знаггадæ æрхæссунмæ ка гъавуй, еци фæсарæйнаг каналтæн лæггадæгæнæг журналисттæ, Уæрæсей регионтæмæ рагулф кæнгæй, исхъæртунцæ сауæнгæ мах республикæмæ дæр. Æмбæлунцæ адæми хæццæ æма ци фегъосунцæ, уомæй ба испайда кæнунцæ, сæхе фудвæндитæн син куд гъæугæдæр фæууй, уотæ.

Еу уæхæн «журналист» фегъосун кодта, гъома, дан, æрхонкæйаг инсæй лæхъуæни фæммард æнцæ Украини æма сæ уоми æнсувæрон цирти байвардтонцæ. Æцæгæй ба дууæ æдзард æфсæддони исластонцæ станицæмæ.

Æдзæсгондзийнадæ аразæг зиангин, зæрдрист бийнонтæн дæр нæ тæрегъæд кæнуй, æма уæд уой адæймагбæл банимайæн куд ес?..

Хабар æцæгæй куд адтæй, уой ба конференций архайгутæ базудтонцæ, журналист Плити Хетæги бацæттæгонд сюжетмæ ку бакастæнцæ, уæд.

Адæмти ‘хсæн буцæудзийнадæ исæвзурун кæнун, кæрæдзебæл сæ исардаун, е æй аци диверсантти – æндæр сæ нецихузи исхонæн ес, – ихæслæвæрд.

Æма уомæ гæсгæ мах ихæслæвæрд ба уæхæн æй – нæ еугур равгитæ æма гæнæнтæй дæр уобæл байархайун, етæ цæмæ гъавунцæ, ци знаггæдтæ нин исаразуйнаг æнцæ, е син куд нæ бантæса. Гъæуй нæ гъæддухæй фæллæуун, нæ зунди курухондзийнадæ æма нæ уодиконди хъаурæ бавдесун.

Гъæуама нæхе, нæ Фидибæсти пайдайæн сагъæс кæнæн, нæ рæстдзийнади сæрбæлтау тохи кадæр зæрдихудт кæндзæнæй, уомæ æгириддæр нæ ракæсæ-бакæсæ кæнгæй. Уой фæдбæл дæр уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан еу дессаг таурæхъ.

Еу зæронд лæг, дан, æ биццеуи хæццæ надбæл фæццæунцæ. Адтæй сæмæ айдагъдæр еу минкъий хæрæг. Кезугай ибæл рабадиуонцæ, мадта ци адтайдæ. Æма фидæ хæрæгбæл куд исбадтæй, фурт ба сæ фæсте куд цудæй, уотемæй сæбæл ка ‘мбалдæй, етæ билæскъелтæ кодтонцæ:

– Аци зæронд хæрнæгъ æ мæрдтæмæ надбæл дзой-дзой кæнуй, уæддæр ма фуригъоли хузæн сабийи гъезæмарæй маруй!..

Лæг еци дзубанди ку фегъуста, уæд хæрæги рагъæй æрхизтæй æма, биццеуи нæ фæндадтæй, уæддæр æй хæрæгбæл исбадун кодта. Адæм ба къускъус кæнун байдæдтонцæ:

– Кæсайтæ аци къæсибадæгмæ, хæрæги рагъмæ исхизтæй, мæгур зæронд лæг ба фестæгæй буруй!

Биццеу фурæфсæрмийæй расурх æй æма æ фиди æ фарсмæ исбадун кодта. Адæм никки хъæбæрдæр истингун æнцæ:

– Дууæ устур хайуани еу минкъийбæл сæ пурхæ калунцæ!..

Ци киндæуа? Фидæ æма фурт рахизтæнцæ æма хæрæги фæсте фестæгæй фæрраст æнцæ. Ка сæбæл æмбæлуй, етæ билæскъелтæгæнгæ сæ дзурд гæлдзунцæ:

– Дууæ хæрæги æртиккагбæл ауæрдунцæ, æдули сæртæ!..

Уæд фидæ æ фуртæн загъта:

– Фæууидтай, мæ хъæболæ? Адæм еугурæйдæр аразийæй байзайуонцæ, уомæн гæнæн нæййес. Тæккæ райдайæни ци фæткæбæл нихxуæстан, уомæ нæуæгæй раздæхæн. Атæ ба цийфæнди дæр дзорæнтæ – се ‘гъдау уæхæн æй.

Æмбесонд гурумухъгомау æй, фал – зунди хуасæ. Нæ раст гъуддаги рæстдзийнадæбæл æууæндгæй, еске дзæнгæдатæмæ цæмæн гъæуама игъосæн?!. Нæ гъуддæгутæ нин нæ бæсти етæ райараздзæнæнцæ? Кунæг!..

Нæ абони дзубанди æй нæ нихмæ информацион тугъд исаразгути туххæй, æма ма уин кæронбæттæни уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнæн номдзуд Александр Пушкини зундгонд æмдзæвгæ.

**А.С. ПУШКИН**

## УÆРÆСЕЙ ФУДКОЙГÆНГУТÆН

*Уæ дзæфхъу цæбæл æй, дзиллити мæлгъæвзæгтæ?*
*Фауетæ Уæрæсей, иссайтæ ин æзнæгтæ.*
*Ци ‘й уæ булгъахъ? Литвай хæлхъой æма фæдес?*
*Ниууагътæ: йе ‘й буцæу славянтæн сæ медастæу,*
*Æнсувæрти æхсæн – рагбуцæу, нивикарстау, –*
*Не ‘суодзæнæй уæ бон рартасун æ медес.*

*Рагæй фæуунцæ сæ медастæу*
*Еци æзнæмтæ фудæнхæл;*
*Æрхауиуонцæ бæрзæйсастæй,*
*Кенæ ба цæф æруаидæ махбæл.*
*Ка ниббæлсдзæй зæхъæр буцæутæн:*
*Хъал лях æви урусæй æдзæф уод?*
*Уруси форди ‘й сæ фæййеу славянти дæнттæн?*
*Оххай, ма байсусæд и форд!*

*Нæ ‘нцæ лæдæрд уин нæ бæлæхтæ –*
*Аци тогигъæнст таурæхътæ,*
*Бийнонти æнхæл – æверхъау. –*
*Нихъхъутти уагътæ нæ фæлтау.*
*Æнцæ гобелбаст Кремль, Прагæ;*
*Оххай, сайуй уæ æ фæдбæл*
*Хъазауат тонхи уæйрау нагæ –*
*Мах ба фестадан уин уæнгæл...*

*Цæмæн, зæгъайтæ, ци хабар æй?*
*Миййаг, цæфсгæ Мæскуй пурхæнтæбæл æмир*
*Ке не ‘рлæудтан къæйнæхæн æ дæлбарæ,*
*Ке тасæй сумаха байдæдтайтæ зир-зир?*
*Миййаг, сæрсæфæнмæ гумерий*
*Ке нисхустан – дуйнетæбæл ка бафтудта буларæ,*
*Нæ тогæй ке балхæдтан иттæг берæ*
*Европæн ном, федуд æма сæрбарæ?..*

*Цъухæй айтæ усхъæз – бавзаретæ гъуддагæй!*
*Æви зæронд тулпар, хуссæни æрæнцайгæй,*
*Не ‘сесдзæнæй бæрзонд измаилаг гебох?*
*Æви уруси паддзахæн æрлæмæгъ æй æ къох?*
*Европи хæццæ тугъд махæн æй нæуæг ести?*
*Кенæ ба уруссаг бафсастæй уæлахезтæй?*
*Æви ан армидзаг? Пермæй уæд Тавридæмæ,*
*Финляндий цъететæй æхседгæ Колхидæмæ,*
*Нинкъусгæ Кремли бæрзонд сестæй*
*Æнæнкъусгæ Китайи фæтæн сесмæ,*
*Тæмæнтæ калгæ æндон гъестæй,*
*Урус фæдесмæ куд нæ фестдзæй?*
*Гъема, цъухгинтæ, æнгъæлмæ кæсæн, –*
*Рарвететæ гъиггаг сирдти – уæ фуртти:*
*Ес син бунат Уæрæсейи будурти*
*Сæ уæларттæгти циртити æхсæн.*

*1831 анз*

***МАМУКЪАТИ Хъазбеги тæлмац***

*ХЪОДЗАТИ Æхсарæ (1937-2021), Цæгат Иристони адæмон поэт: «Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци бæгъатæрти рохс нæмттæ ’нцæ æностæмæ имисуйнаг... Бæгъатæртæ цæунцæ евгъуд бæнттæй. Цæмæй рахезонцæ æности сæрти, цæмæй сæ зонунцæ еугур фæлтæртæ. Уомæн æма фидтæлти фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй...»*



# ТУГЪДМÆ ЦУДÆНЦÆ УСТУР ХЕЦÆУТТИ ФУРТТÆ ДÆР



## ВАСИЛИЙ СТАЛИН

Василий Сталин райгурдæй 1921 анзи 24 мартъий. Адтæй ин амондгун советон сабийдогæ. Борхелæ, фудаг бицщеу, дууитæ есагæ, ахид фæлледзидæ скъолайæй футболæй гъазунмæ, уроктæ ниууадзидæ, уотемæй. Æ ахургæнгутæй алкæмæ нæ разиндтæй æ хæццæ тох кæнуни лæгдзийнадæ, кæд сæ æ фидæ Сталин гъæддухæй карздæр мадзæлттæ агурдта, уæддæр. «Дикаренок с неорганизованной волей, – дзурдта е æ фурти туххæй. – Его избаловали всякие кумы и кумушки, то и дело подчеркивающие, что он сын Сталина…»

Куддæртæй аст къласи фæцæй Вася æма æ хестæр æнсувæр Якови хузæн е дæр артиллерион училищемæ бацудæй ахур кæнунмæ, фал æй анзи фæсте ниууагъта. Инсæйæймаг æноси 30-аг æнзти фæсевæд бæлдтæнцæ авиаций иннæ лæхъуæнтау «дуккаг Чкалови» хузæн исунбæл. Уомæ бæлдтæй Вася дæр, æма уой туххæй ахур кæнунмæ рандæ ’й Хъириммæ, Качини авиацион скъоламæ.

Курсанттæ уарзтонцæ «принци» æ игъæлдзæгдзийнадæ æма хуматæгдзийнади туххæй, фал ами дæр æ фудаг миутæ нæ уагъта. Скъолай хецау Иванов Сталинæн игъосун кодта Василий, дан, рæстæгæй-рæстæгмæ теоретикон ахуртæ ниууадзуй. Афоризми хузæн рауадæй Сталини седт æ фуртмæ: «Если ты любишь меня, то полюби теорию…»

Дууæ анзей фæсте Вася сæребарæй «накæ кодта» уæлдæфи. Райдæдта тугъд. Фиццаг бæнтти уацари бахаудтæй Яков Джугашвили. Уæлдæфон тугъдтити фæммард æнцæ Тимур Фрунзе æма Владимир Микоян, æбæрæгæй фесабадæй Хрущеви фурт Леонид. Уой фæсте фæтæги кæстæр фуртæн тугъдон ратахтитæ аразуни барæ нæбал лæвардтонцæ. Василий гъезæмарæ кодта, æ тæлфагæ уод нæ бухстæй гæгъæдити хæццæ архайуни кустæн. Айдагъдæр 1943 анзи январи райервазтæй арвмæ, иснисан æй кодтонцæ, Сталингради тугъди ка фескъуæлхтæй, еци 32-аг дæрæнгæнæг авиацион полкки командирæй. 1944 анзи иссæй, Берлинмæ ка бахъæрдтæй, еци дивизий командæгæнæг. Цæмæдесаг факт: Василийи хæццæ службæ кодта Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Виталий Попков, е иссæй киноний «В бой идут одни старики»-йи сæйраг архайæги прототип. «Хъæбæр хуарз тæхæг, арæхстгин, æцæг виртуоз», – дзурдтонцæ Василийæй е ’мбæлттæ.

Тæхæг Василий Сталин адтæй фæлмæнзæрдæ, беретæн байагъаз кодта. Уой туххæй æй адæм уарзтонцæ. Уогæ, беретæ уотæ дæр нимадтонцæ, гъома, Сталини фурт «æ сæри хæццæ лимæн нæй, зæгъæ». Василий ахид ракъахидæ хилæ, берæ ’й нæ гъудæй бæрнон косгути рази Берияй ралгъетунæн. Зундгонд кинодокументалисти бийнойнаги хæццæ ин ци роман адтæй, Сталин уой ку базудта, уæд загъта «вернуть эту дуру» æ лæгæн, фурти ба, дан, ахæстдони исбадун кæнетæ. 1943 анзи ба ’й æ служби бунатæй исесун кодта, командири бунатæй – уæд тæхгутæ, сæ сæргъи Василий, уотемæй рандæнцæ кæсалгдзауæни, æнгурти бæсти сæмæ адтæй дзармадзани нæмгутæ æма цалдæр адæймаги фидбилизи бахаудтæнцæ…

Фал Василийæн аци хатт дæр неци адтæй. Лейтенанти цинæй райдайгæй, 1942 анзи е «исхизтæй» болкъонмæ. Уæхæн бæрзæндæмæ истахт уæд кæмæндæрти æнцойнæ нæ лæвардта, хицæ имæ кодтонцæ. Инæлари цин раттунмæ ’й бавдистонцæ æртæ хатти, фал Сталини хæццæ бадзубанди кæнун æнцон нæ адтæй. Уæддæр 1946 анзи Василий 25-анздзудæй иссæй инæлар.

Цубурæй зинтæй ранимайæн ес, æригон инæлар тугъди фæсте Мæскуй æфсæддон зилди Æфсæддон-уæлдæфон тухти командæгæнæг уогæй, ци гъуддæгутæ исаразта, уонæн. Æ разамундæй тагъд искустонцæ ихæлд аэродромтæ, æфсæддон зилд «деденæг ракалдта», хæдзæрттæ кæмæн нæ адтæй, уонæн равардтонцæ фатертæ, цæрæнуат. Уæд исирæзтæй Æфсæддон-уæлдæфон тухти зундгонд спортивон клуб ЦСКА-йи спорткомплекси гъазæн зал æма 50 метрей дæргъæн накæгæнæн бассейни хæццæ.

Василий 1946 анзæй фæстæмæ Мæскуй сæрмæ исараста 14 уæлдæфон паради. 1952 анзи паради рацуд ке фæкъкъулумпи æй, е (уæд лæгъуз бонигъæди фудæй ниппурхæ ’й хуæдтæхæг æма Сталин исиста Василийи æ бунатæй) æй хъæбæр бахъор кодта, æ нифс ин басаста.

Уотæ зæгъæн ес, æма 1953 анзи 5 мартъий æ фидæ ку рамардæй, уæд фæцæй æ фурти цард дæр. Сæ рахастдзийнæдтæ адтæнцæ вазуггин, фал айдагъдæр Сталини, æ фурти хуарз ка лæдæрдтæй, еци фиди бон адтæй уотæ бакæнун, цæмæй Василий æхе лæдæра Василийæй, æма айдагъдæр æ фидæн æвдиста фудаг Василий, лæг ке æй, уой. Сталини æвæрæн бони е кудтæй хæкъурццæй æма дзурдта, мæ фиди мин маргæ ракодтонцæ, зæгъгæ. Еу мæйи фæсте еци эмоционалон æнкъарæнтæ разиндтæнцæ фудгингæнæн акти: «Позволил себе клеветнические измышления в адрес партии и правительства…», «антисоветские высказывания»… Берия æ маст исиста фæтæги фуртæй.

Абони дæр ма Мæскуй федауцæдæр бæстихæйттæ ’нцæ, Василийи хъæппæресæй арæзт ка ’рцудæй æма ’й ке туххæй исбадун кодтонцæ, еци рæсугъд аййев хæдзæрттæ. Е Мæскуй æфсæддон зилди еугур тæхгутæн дæр исаразун кодта хуæрзвадуат минкъий хæдзæрттæ æма сæ ракодта къазарматæй æма æмдзæрæнтæй.

Василийæн истæрхон кодтонцæ æма бадтæй сахар Владимири ахæстдони, æ муггаг ба уæд адтæй… Васильев. 1959 анзи æй иссæребарæ кодтонцæ, равардтонцæ ин фæстæмæ е ’фсæддон цин, хуæрзеугутæ, иснисан ин кодтонцæ пенси, 1960 анзи ба æй нæуæгæй ниййахæстонцæ – еуемæй, Хрущев Сталинæн айдагъ æ номæй дæр тæрсгæ кодта, иннемæй ба Василий исфæндæ кодта æ бафхуæрди туххæй дуйнеуон æмæхсæнади гъуди базонун.

1961 анзи рацудæй ахæстдонæй сахъат адæймагæй. Ку ’й уæгъдæ кодтонцæ, уæд ин дзурдтонцæ, цæмæй æ муггаг раййева. Василий уобæл не ’сарази æй. Æма ин уæд Василий Джугашвилий номбæл паспорт равардтонцæ æма ’й Казанмæ мæлунмæ рарвистонцæ. 1962 анзи 19 мартъий æцæгæйдæр рамардæй уоми. Нуриуæнгæ дæр Василий Иосифи фурт Сталини бийнонтæй æруагæс кæнуй, рамæлунмæ ин Хрущеви КГБ-й агент, медицинон хуæрæ Мария Нузберг ке фæййагъаз кодта, е.

Æфсæддон дараеси ка адтæй, уонæн æ æвæрæн бони уоми уни барæ нæ лævардтонцæ. Цæстæ æхемæ æздахта, пъæлитотæ кæбæл адтæй, еци нæлгоймæгти къуар. Марди кирæмæ ку ’рбахæстæг æнцæ, уæд сæ пъæлитоти цæппæртæ рафтудтонцæ æма сæ реутæбæл адæм фæууидтонцæ Бæгъатæрти Сугъзæрийнæ Стъалутæ, ордентæ. Уотемæй фæндараст загътонцæ сæ тугъдон æмбалæн.

Мæнæ куд дзурдта отставки болкъон И.П. Травников: *«Василийи рамарун кодта Хрущев. Василий берæ зудта уой æма æ алфамбулай ка адтæй, уони туххæй».*

Зундгонд советолог А. Авторханови гъуди ба ’й уæхæн: *«Æ хуæрæ уотæ гъуди кæнуй, гъома, алкоголизмæй рамардæй, фал нæ, ес дуйней æндæр æгъатирдæр нез – политикæ. Е рамардæй уомæй».*

Василий берæ рæстæги дæргъи нигæд адтæй æ мадæ æма фидæй идæрддзæф рауæн, Казани. Æ тугъдон æмбæлттæй ма уодæгас ка адтæй, етæ еу æма дууæ хатти нæ курдтонцæ, цæмæй ин тæрхонгонд ке адтæй, уой исесун кæнонцæ, исраст æй кæнонцæ, уомæн æма арæзтадæн ци æхцай фæрæзнитæ раттун кодта, уонæй еу сом дæр æ дзиппи не ’сæвардта, еу банки дæр æ номбæл хигъд нæ байгон кодта. 1999 анзи рæстдзийнадæ уæддæр фæуууæлахез æй: Василий Сталини исраст кодтонцæ, 2002 анзи ба ин æ мард Казанæй æрбаластонцæ æма ’й байвардтонцæ Мæскуй Троекурови уæлмæрдти.

Æ дæлбарæ ка адтæй, уонæй еу, Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций инæлар-майор С.М. Крамаренко æ тугъдон имисуйнæгтæ «Против «мессеров» и сейбров», зæгъгæ, уоми финсуй: «Без колебаний я скажу, что Василия Сталина летчики любили. Несмотря на то, что он был сыном самого Вождя, он честно воевал в Великую Отечественную войну, прошел и Сталинград, и дошел до Берлина, а для любого фронтовика это значит многое…

Я уверен, что история все расставит по своим местам и имя генерал – лейтенанта авиации Василия Сталина войдет в историю Великой Отечественной войны, как образец честного и смелого летчика и командира».



## АЛЕКСАНДР ЩЕРБАКОВ

Сталин, Фрунзе, Микоян – аци муггæгтæ газеткæсгутæн зундгонд æнцæ. Фал Щербакови, æвæдзи, алке нæ зондзæнæй. Адæймагмæ ес иронх кæнуни менеуæг. Ка ’й, зонуй, ескæмæй феронх æй, ка адтæй нæ бæсти – ССР Цæдеси æхсæнадон æма политикон цæрди Щербаков, уой, уæд уин æй цубурæй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан.

Алексей Сергейи фурт Щербаков адтæй партион æма паддзахадон архайæг, 1917 анзи Октябри революций архайæг. Райгурдæй 1901 анзи. 1918 анзæй фæстæмæ адтæй фæскомцæдесон æма партион косæг. 1938 анзæй – Еугурцæдесон коммунистон (большевикти) партий – ЕК(б)П-й Мæскуй горкоми фиццаг секретарь, 1941 анзæй еци-еу рæстæги адтæй ЕК(б) П-й ЦК-й секретарь дæр. 1942 анзæй фæстæмæ инæлар-болкъон А.С. Щербаков адтæй Советон Æфсади Сæйраг Политуправлений хецау, тугъдон-политикон пропаганди Совети сæрдар, ССР Цæдеси гъæуайкæнуйнади наркоми хуæдæййевæг, Совинформбюрой хецау. Адтæй Мæскуй гъæуайкæнуйнади разамонгутæй еу 1941 анзи. 1937 анзи æвзурст æрцудæй ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутатæй, 1939 анзи – ЕК(б)П-й ЦК-й иуонгæй, ЦК-й Оргбюрой иуонгæй, 1941 анзи ба – ЦК-й Политбюрой иуонгæй. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини æртæ орденæй, Суворови 1-аг къæпхæни, Кутузови 1-аг къæпхæни, Устур Фидибæстон тугъди 1-аг къæпхæни ордентæй. Рамардæй 1945 анзи. Æ урнæ æртхотæги хæццæ æй Кремли фарси. Щербаков æ фуртбæл исæвардта æхе ном – Алек-

**Цуппаринсæй анзей размæ (1942 анзи 10 июни) немуцаг-фашистон лæгсирдтæ Чехословакий бунсугъд бакодтонцæ поселок Лидице. Уæхæн æверхъау цаутæ феронх æнцæ нури европаг политиктæ.**

*Испайнаг поэт Хуан Рамон ХИМЕНЕС (1881-1958) кæддæр уотæ загъта: «Тугъдтитæ æма бæлæхтæ алли мадзæлттæй байсафунцæ хуæздæрти: еугуремæй ездондæрти, еугуремæй бæгъатæрдæрти, еугуремæй растдæрти. Етæ раттунцæ сæ цард дæр æма сæ цæрæн равгитæ дæр – сæ уодварнæ æма армæйконд хæзнатæ...»*



сандр. Е райгурдæй 1925 анзи 15 сентябри. 1943 анзи Алексей Микояни хæццæ каст фæцæй тæхгути Вязникови æфсæддон авиацион скъола. Архайдта Фидибæсти Устур тугъди. 1944 анзи 20 октябрмæ адтæй 12-аг гвардион кунæггæнæг авиацион полки, уой фæсте ба – сахар Мæскуй арвгъæуайгæнæг æфсæдти, Белорусаг фронти 176-аг гвардион кунæггæнæг авиацион полки, æргæлста еу фашистон хуæдтæхæг.

1951 анзи каст фæцæй профессор Н.Е. Жуковскийи номбæл Æфсæддон-уæлдæфон инженерон академи æма уæдæй фæстæмæ кодта фæлварæн куститæ. Æвзурста Миг-19, Як-25 РВ, Як-27Р, Миг-21ф-13, Су-9, Су-7б, Як-28п, Миг-25п, Миг-23, Миг -27, Су-24 æма Су-25 хуæдтæхгутæ. Уомæй уæлдай ма бавзурста берæ кунæггæнæн хуæдтæхгутæ.

1986 анзæй фæстæмæ авиаций болкъон Щербаков рацудæй отставки. Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин лæвæрд æрцудæй 1971 анзи.

ССР Цæдеси æскъуæлхт тæхæг-æвзарæг, техникон наукити кандидат Александр Щербаков хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини, Сурх Турусай, Устур Фидибæстон тугъди 1-аг æма 2-аг къæпхæнти æма Сурх Турусай ордентæй, берæ майдантæй.



## ТИМУР ФРУНЗЕ

Зундгонд æфсæддон архайæг Михаил Фрунзей фурт Тимур райгурдæй 1923 анз 5 апърели. Бицщеубæл æртæ анзи дæр нæма цудæй, уотемæй рамардæй æ фидæ. Сувæллон цæйбæрцæдæр рæстæг имиста æ фиди гъар къох, æ фæлмæн дзурд æма уарзон цæстингас. Айдагъдæр уой фæсте, ку раустур æй, уæд балæдæрдтæй лæхъуæн, легендарон бæгъатæри æма Сурх Æфсади æфсæддонфурт ке æй, уой.

Минкъий седзæр Тимури, æ уарзондæр лимæни бицщеуи, ахид бадун кодта æ уæргутæбæл Климент Ворошилов – ССР Цæдеси æфсæддон æма денгизон гъуддæгути нарком. 1931 анзæй фæстæмæ Тимур гъомбæл кодта К.Е. Ворошилови хæдзари. Ном Тимур зæрдæбæл æрлæууун кæнуй хоргун Астæуккаг Ази, æ цитгин фидæ кæми райгурдæй, гъомбæл кодта, уæдта бабæй уæлахез кæми кодта, еци бæстæ.

Æфсæддон-уæлдæфон тухти сæрмагонд скъола каст фæууни фæсте Тимур ахур кодта æма 1941 анзи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй Качини æфсæддон авиацион училище.

Фæскомцæдесон Фрунзе æгъдаугин æма коммæгæс уогæй, бæрæг дардта курсантти 'хсæн. Мадта куд: Сурх Æфсад аразгутæй еуей фурт, Ворошилови гъомбæлкæнуйнаг, æ минкъийæй фæстæмæ æфсæддон хуæздæр традицитæ æ тоги кæмæн бацудæнцæ.

Устур Фидибæстон тугъди тæмæни лейтенант Фрунзе адтæй Цæгат-Нигулæн фронти 52-аг авиадивизий 161-аг дæрæнгæнæг авиацион полки дæрæнгæнæг. Полки командир хуарз цæстæй кастæй номдзуд æфсæддони фуртмæ, бафæдзахста ин аэродром гъæуай кæнун. Балæдæрдтæй æй æригон тæхæг æма ин еу бон уотæ загъуй: «Корун ди, цæмæй мæ тугъдмæ раретай, куд рæнгъон тæхæги, уотæ, – æма ма бафтудта: «Не заставляйте меня краснеть перед памятью отца».

1941 анзи декабрæй фæстæмæ Тимур тахтæй тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунмæ, исаразта фараст æнтæстгин ратахти Новгороди облæсти горæт Старая Руссайи районы. Æртæ уæлдæфон тугъдеми архайгæй æхуæдæг æргæлста знаги дууæ хуæдтæхæги, еу немуцаг хуæдтæхæг ба – е 'мбæлттæй кедæр хæццæ.

1942 анзи 19 январи Тимур æма æ цæги (звено) командир лейтенант Шутов уæлдæфи раудтонцæ немуцаг хуæдтæхæг «Хеншель-126». Тимур ибæл атаки рацудæй æма 'й æргæлста. Уæдмæ фæззиндтæнцæ знаги 30 бомбæкалæн хуæдтæхæги, сæ гъæуайгæнæг аст дæрæнгæнæг хуæдтæхæгей хæццæ. Берæ гъуди кæнунæн рæстæг нæбал адтæй, тохи бацудæнцæ «мессершмитти» хæццæ. Еуей си æргæлстонцæ. Хъæуритæ æмхузон нæ адтæнцæ. Шутови хуæдтæхæг фæцудæф æй. Командир исарæхстæй, нæхе æфсæдтæ кæми адтæнцæ, уоми æй æ «губунбæл» æрбадун кæнунмæ. Тимур Фрунзе бæгъатæрæй тухтæй знаги æхсæз дæрæнгæнæгей хæццæ. Æ гилдзитæ ку фæцæнцæ, уæд æй фашисттæ хæстæгæй æрбахстонцæ. Хуæдтæхæг æрхаудтæй Старорусский райони гъæу Отвиднойæй 500 метри идарддæр. Бæгъатæр тæхæги фиццаг уоми банигæдтонцæ, 50-аг æнзти ба 'й искъахтонцæ æма 'й Новодевичьей уæлмæрдти банигæдтонцæ.

1942 анзи 16 мартъий лейтенант Фрунзейæн æ рамæлæти фæсте лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Æ ном æностæмæ финст æрцудæй 161-аг дæрæнгæнæг авиацион полки 1-аг эскадрилий номхигъди.

Рацæудзæнæнцæ æностæ, фал нæ феронх уодзæнæй Сурх Æфсад аразгутæй еуей – Михаил Фрунзей ном. Уой хæццæ нæ адæм сæ зæрдæбæл дардзæнæнцæ æхсаргин тæхæг – Советон Цæдеси Бæгъатæр Тимур Фрунзей ном дæр. Уомæн æ цубур цард ферттивта ирдæй, æ фиди æндон æма уæлахезон æхсаргардау.



## СТЕПАН МИКОЯН

Еугурцæдесон Коммунистон (большевикти) партий ÆК(б)П-й (СЦКП) Политбюрой иуонг Анастас Ивани фурт Микояни фондз фуртемæй цуппар бацудæнцæ авиацимæ. Сæ фиди æнсувæр, зундгонд авиаконструктор Артем Микояни фæрци си æртæ иссæнцæ æфсæддон тæхгутæ, еу ба – авиаинженер.

Хестæр фурт Степан райгурдæй 1922 анзи 12 июни. Тимур Фрунзей хæццæ еумæ тæхгути скъола фæууни фæсте (ахур кодтонцæ И-16 хуæдтæхæгбæл тæхун) Степани рарвистонцæ багъæуаги авиацион полкмæ, уæдта бабæй 16-аг дæрæнгæнæг полкмæ Мæскуй бунмæ. Уой равзурста Василий Сталин 434 дæрæнгæнæг авиацион полк (КАП) аразгæй (фæстæдæр хундтæй 32-аг гвардион кап), уоми 1941 анзи октябри фиццаг хатт фæттахтæй нæуæг дæрæнгæнæг Як-1-бæл. Ратахт адтæй æнахур. Тæхгутæн хуæдтæхæги нæуæг хузи тæхуни барæ раттунцæ еци нæуæг хузи дууæбунатон ахурадон-тугъдон хуæдтæхæгбæл æй бавзаруни фæсте, фал промышленность гъе уæд бавналдта уæхæн хуæдтæхгутæ уадзунмæ.

Æ командир Василий Сталини хæццæ еумæ Степан бацудæй лæууæни ци «Як-1» лæудтæй, уомæ. Василий æхуæдæг нурма æрæги, ахурадон-тугъдон хуæдтæхæгбæл нæ тæхгæй, ратахтæй еци хуæдтæхæгбæл, æма минкъий ма гъудæй, уæдта æрцудайдæ фидбилиз. Гъуддаг уой медæгæ 'й, æма «Як»-и «раскъæруни идæрддзæг» æй дууæ хатти фулдæр, Ил-16-и хæццæ рабаргæй. Василийи бон нæ бацæй фиццаг дууæ бафæлварæней фæсте зæнхæбæл æрбадун, айдагъдæр æртиккаг æрбазилди æрбадтæй, уомæй дæр аэродроми æмбесбæл. Еци æмбесбæл уайтæккæ разелгæй, хуæдтæхæг рагæпп кодта аэродроммæ хæстæг æфсæнвæндагмæ. Æ амондæн, рельсити размæ фахс адтæй лигъз æма хуæдтæхæгæн трамплини агъаз фæцæй, уæлдæфи рельсити сæрти ратахтæй æма лигъз бунати зæнхæбæл æрбадтæй, еудзæвгарæ ма размæ цæугæй. Хуæдтæхæгмæ ракæсæ-бакæсæ кæнгæй, Степан фегъуста командæ:

– Степка, залезай в кабину! Застегни парашютные лямки.

Исæнхæст кодта командæ Степан, æма искосун кодта хуæдтæхæг. Æркастæй алцæмæ дæр лæмбунæг, уæдта Василий Сталини командæмæ гæсгæ истахтæй. Æма дзæбæхæй æрбадтæй зæнхæбæл. Уотæ зæгъæн ес, æма е адтæй æ фиццаг фæлварæн ратахт.

Степан тухтæй Мæскуй бунмæ, уæлдæфон тугъди æй æргæлстонцæ, фæццæф æй, сугъдтитæй уодæгасæй фæййервазтæй. Æхсæз мæйи æхе фæдздзæбæх кодта госпитæли. Ку исдзæбæх æй, уæдта – нæуæгæй фронтмæ, Сталингради тугъдмæ.

Тугъди кæронмæ хуарзæнхæгонд æрцудæй дууæ орденемæй, адтæй капитан, авиацион цæги командир, 1951 анзи каст фæцæй профессор Н.Е. Жуковскийи номбæл Æфсæддон-уæлдæфон инженерон академи. Æртæ анзей бæрцæ æвзурста Микояни, Сухойи æма Яковлеви конструкторон бюрой хайади хуæдтæхгутæ. 1964 анзи ин лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси æскъуæлхт тæхæгфæлварæги ном. Хуæдтæхæг Миг-25-йи паддзахадон фæлварæнтæ исарæзуни туххæй æй 1975 анзи 3 апърели исхуарзæнхæ кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри номæй. Æ хуæрзеугути 'хсæн ес Ленини орден, Сурх Турусай, Устур Фидибæстон тугъди фиццаг къæпхæни ордентæ, Сурх Стъалуй æртæ ордени, 20 майдани. Степан Микоян исахур кодта тæхæг аппаратти 102 хузи æма фæттахтæй 3,5 мин сахатти.



## ВЛАДИМИР МИКОЯН

Владимир райгурдæй 1924 анзи. Тæхгути скъолай фæсте бацудæй 434-аг кунæггæнæг аивацион полкмæ, æма 'й æ хестæр æнсувæри хузæн рагацау бацæттæ кæнгæй, Василий Сталин исбадун кодта Як-1 хуæдтæхæгбæл. Фал, æвæдзи, Владимир æхе хъæбæр хуарз тæхæгæй равдесунмæ гъавта, æма хумæтæги зилд æркæнуни бæсти аэродроми сæрмæ равдиста уæлдæр пилотаж.

Василий Сталин æ фарсмæ лæууæг тæхгутæмæ бакастæй æма сæ рафарста: «Он нормальный ли?» – æма бардзурд равардта уæлдæфи фудагдзийнади туххәй æй фондз сутки нийайхæссун. Фæстæдæр Владимир æхсаргинæй тох кодта немуцаг асти хæццæ Сталингради тугъди. 1942 анзи 18 сентябри «Мессершмитт-109» хуæдтæхæги хæццæ уæлдæфон тугъди æ хуæдтæхæг фæццæф æй æма æрхаудтæй зæнхæмæ. Æвæдзи, уæлдæфон тугъди фæццæф æй æма фæммард æй, 18 анземæй æндæр кæбæл нæ цудæй, еци æригон тæхæг-кунæггæнæг æхуæдæг дæр.



## АЛЕКСАНДР МИКОЯН

Райгурдæй 1926 анзи 20 декабри. Е 'нсувæр Владимир ку фæммард æй, уæд фарæстæймаг къласмæ цæуæг Алексей Микоян барвæндонæй рандæй фронтмæ. 1943 анзи каст фæцæй тæхгути æфсæддон-авиацион скъола æма 17-анздзудæй иссæй тæхæг-дæрæнгæнæг. Еу хатт Алексей Як-9 хуæдтæхæгбæл тахтæй, арв гъæуайгæнæг æфсæдти командæгæнæг инæлар Громин ци хуæдтæхæгбæл тахтæй, уой фæсте, æма сахар Резекнейи аэродроми ку 'рбадтæнцæ, уæд Алексейи хуæдтæхæг, техникон æнæрæвдзæдзийнади фудæй, тормоз кæнгæй фæхъхъан æй. Тæхæги уайтæккæ хуæдтæхæги хурфæй исластонцæ æма 'й госпиталмæ рарвистонцæ, æ цæсгон адтæй пурхæ.

Тæссаг адтæй, тæхуни кустæй æй ку исесонцæ, уомæй. Алексейæн е хъæбæр зин адтæй. Е иста е 'нсувæрти, æ лимæнти маст, фал... æ хуæдтæхæгбæл ставд финститæй адтæй æртæ дамугъæй ВЛТ, гъома, Володя, Леня æма Тимæ (е 'нсувæр Владимир, Леонид Хрущев æма Тимур Фрунзе). Алексей фидбилизи ке бахаудтæй, уой тухххæй базудта Василий Сталин. Иссирдта дохтиртæ, массажертæ æма фæййагъаз кодта кæстæр Микоянæн нæуæгæй тугъдон тæхгути рæнгъи æрлæуунæн.

Иосиф Виссариони фурт Сталин зæрдиристæй дзурдта æ фуртæн: «Тимур Фрунзе фæммард æй, Леонид Хрущев фæммард æй, Владимир Микоян фæммард æй, Алексейи уæддæр багъæуай кæнæ». Тæхæг Алексей Микоян тухтæй тугъди кæронмæ, æма идарддæр службæ кодта æфсади. Рацудæй командири царди еугур къæпхæнтæбæл дæр, каст фæцæй æртæ академи, адтæй Туркестани æфсæддон зилди æфсæддон-уæлдæфон тухти командæгæнæг. Æ царди фулдæр хай æрвиста хуæдтæхæги кæбини. Е 'мгъуд ку æрхъæрдтæй æма 'й дохтиртæ тæхуни кустæй ку рафинстонцæ, уæд тæхгутæй берети хузæн ранигъулдæй административон кусти, æнкъард кодта, имиста арв. Ка 'й зонуй, æма уой фудæй бацудæй æнафони е 'цæг дуйнемæ дæр.

ССР Цæдеси æскъуæлхт æфсæддон тæхæг, авиаций инæлар-лейтенант Алексей Анастаси фурт Микоянбæл цудæй айдагъдæр æртинсæй анзи.

*Уодзæнæй ма.*

**Финддæс æма æхсæзинсæй анзи исæнхæст æй Украини советон партизанти еугæндтæй еуей разамонæг, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр С. Ковпаки райгурдбæл (1887-1967).**

***Номдзуд уруссаг философ Иван ИЛЬИН (1883-1954) финста: «Кæцифæнди адæм дæр рæстдзийнадæмæ, бартæмæ кæсуй æхе цæстæй – уодигъæдæй, æгъдæуттæй, иннети æнгæс нæй, æфсармæн, бийнонти цардарæзтæн, хуæрзвæтки хиццæгтæн аргъ кæнуй хердигонау; æ дин, æ бæлдитæ æма паддзахадон инстинкт дæр æнцæ хехузон...»***



Комсомольски гъæуи администраций сæргълæуууæг АУЛОХТИ Валери (астæуæй) фестивали иуазгути хæццæ.

# ЗÆРДХÆЛАР СИНХОН – ХУЦАУИ ЛÆВАР

КИРОВИ райони Комсомольски гъæуи аци анз нур æртиккаг хатт исбæрæг кодтонцæ Синхæгти дуйнеуон бон. Анзæй-анзмæ бæрæгбони программæ кæнуй гъæздугæй-гъæздугдæр. **«Зæрдхæлар синхæгти фестиваль»**, – уотæ исхудтонцæ комсомольскæгтæ сæ бæрæгбон æма имæ æрбахудтонцæ айдагъ Цæгат Иристони хæстæгдæр районтæ æма гъæути минæвæртти нæ, фал ма синхаг республиктæй дæр.

Фусунтæ зæрдæхцæуæнæй исæмбалдæнцæ сæ иуазгутæбæл, етæ адтæнцæ: республикæ Дагестани делегаци, æ разамонæг, Табасарайнаг райони Марагайи гъæуи хестæрти Совети сæрдар **Кумалат Кумалатов**, Республикæ Кæсæг-Балхъари делегаци, æ разамонæг, Æхсæнадон палати иуонг, Теркаг райони Æхсæнадон палати сæрдар **Мурадин Керефов.** Цæцæни республикæй æрбацудæй дууæ делегаций, сæ сæргъи Грознайаг райони Рахесфарси гъæуи администраций сæргълæуууæг **Шамил Джамалдаев** æма Шелковскойи райони Къоби гъæуи администраций сæргълæуууæг **Лечи Фадиев.**

Бæрæгбони цитгин иуазгутæ иссæнцæ Цæгат Иристони Сæргълæуууæги æнхæстбаргин минæвар республики муниципалон искондти Совети Фадзайти Æхсарбег, политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й регионалон хайади сæрдари хуæдæййевæг, нæ республики Парламенти депутат **Фуад Кязымов**, муниципалон искондти Совети æнхæстгæнæг директор **Дзестелти Барис,** территорион-æхсæнадон хеунаффæйади Еумæйаг националон ассоциаций совети иуонг, Уæрæсей Федераций территорион æхсæнадон хеунаффæйади ирæзти стратеги 2030 анзи уæнгæ æнхæст кæнуни разамонæг **Геннадий Родионов**, наукон-æртасæн университет «Экономики уæлдæр скъола»-й наукон косæг, политикон наукити кандидат, еугуруæрæсеуон проект «Зæрдхæлар синхæгтæ»-йи разамонæг **Сергей Кузнецов**, нæ республики Рахесфарси æма Горæтгæрон районти территорион æхсæнадон хеунаффæйади сæрдартæ.

Бæрæгбон æ гъæубæстæн æма иуазгутæн арфи дзурдти хæццæ байгон кодта Комсомольски гъæуи администраций сæргълæуууæг **Аулохти Валери.**

– Синхæгти бон махæн иссæй традицион, æма ‘й бæрæг кæнæн алли анз дæр. Æхцæуæн нин æй, анзæй-анзмæ нæмæ фулдæрæй-фулдæр иуазгутæ ке цæуй, е. Зæрдиаг арфæ син кæнæн, ке нæ базийнадæ кодтонцæ æма, сæ гъуддæгутæ ниууадзгæй, нæ цийнæбæл цийнæ кæнунмæ ке ‘рбацудæнцæ, уой туххæй. Арфиаг дæн мæ гъæубæстæй, территорион æхсæнадон хеунаффæйади иуонгтæй. Етæ алкæддæр æнцæ мæ фарсмæ, дæттунцæ мин нифс, æнкъарун син сæ устур агъаз. Идарддæр дæр косдзинан еумæ æма архайдзинан, цæмæй нæ гъæу кæна рæсугъддæр, æма си ауæхæн бæрæгбæнттæ аразæн ахидæй-ахиддæр, – загъта е.

Иуазгутæ æма Комсомольски гъæуи цæргутæн аци дессаги рæсугъд бæрæгбони фæдбæл зæрдиагæй райарфæ кодта Кирови райони бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæуууæг **Бæтиати Хъазбег.**

Территорион æхсæнадон хеунаффæйади Еумæйаг национ ассоциаций сæрдар, Паддзахадон Думи депутат **Виктор Кидяеви** арфитæ бакастæй Геннадий Родионов.

Нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло æма æхе номæй гъæуи цæргутæ æма иуазгутæн зæрдибун арфитæ ракодта **Фадзайти Æхсарбег.** Æ радзубандий кæронбæттæни загъта:

– Устур æхцæуæн хабар æй е, æма цæргути хæццæ дууердæмæ бастдзийнадæ æма территорион æхсæнадон хеунаффæйади ирæзти туххæй 2020 анзи Еугуруæрæсеуон конкурс «Хуæздæр муниципалон фæлтæрддзийнадæ»-йи комсомольскæгтæ райстонцæ дуккаг бунат æма хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ 15 миллион сомемæй. Амæй фæстæмæ ба фиццаг бунæттæ куд ахæссонцæ, уæхæн арфæ сæ уæд.

Æ радзубандий Фуад Кязымов уой баханхæ кодта, æма ауæхæн аллианзон бæрæгбон æ еугур хуарздзийнæдтæй уæлдай устур агъаз ке æй Кавкази республикити ’хсæн зæрдхæлар синхæгти рахастдзийнæдтæ федар кæнунæн, е ба хуарз фæрæзнæ ‘й бæсти æнгомдзийнадæн æма гъомусадæн. Бæрæгбони рæстæг Фуад Кязымов æма Еугуруæрæсеуон политикон парти «Родина»-йи бунæттон хайади сæрдар **Сæлбити Лангæ** Арфигæгъæдитæй исхуарзæнхгин кодта гъæуи цæргутæй бæрæгбони исарæзтбæл зæрдиагдæр архайгути.

Зæрдæбæлдарæн лæвæрттæ æрбаластонцæ синхаг регионти иуазгутæ дæр. Зæгъæн, Кумалат Кумалатов – дагестайнаг армдæснити конд нимæт, уæлдзарм ходæ æма хъæма балæвар кодта гъæуихецауæн. Лæвæрттæ раттуни фæсте Мурадин Керефов лæмбунæг радзурдта Кирови æма Теркаг районтæ, уæдта Комсомольски гъæу æма Уæллаг Курпи ’хсæн зæрдхæлар рагон рахастдзийнæдти туххæй.

Æ радзубандий Сергей Кузнецов дæр фæббæлвурд кодта бæрæгбони ахедундзийнадæ:

– Уæлдай хуарз ба е æй, æма дзилли еугур фæлтæртæ дæр, хецаудзийнади еугур къабæзти минæвæрттæ дæр ке архайунцæ, уæдта ауæхæн агъазиау мадзал Комсомольскийи хузæн минкъий гъæуи арæзт ке цæуй. Уинæн æй, е еу гъæуи бæрæгбон нæй, фал еугур синхæгти, фæрсæй-фарсмæ цæрæг адæмихæттити бæрæгбон.

Æма абони ци арфи дзубандитæ игъусуй, етæ ‘нцæ тæккæ устурдæр аргъгæнæг гъæуи сæргълæуууæг æма æ командæн. Бæрæгбон исфедудта Комсомольски сæргълæуууæг Аулохти Валери Цæцæни республики гъæутæ Правобережное æма Къоби администрацити сæргълæугутæ Шамил Джамалдаев æма Лечи Фадиеви хæццæ æмархайд æма æмгустади бадзурдтæ ке бафинстонцæ, уомæй.

Бадзурдтæ бафинсуни фæсте бунæттон «Зæрдæбæлдарæн рæзæдонæ»-йи хæлардзийнади нисанæн ниййаразтонцæ тала бæлæстæ. Уой фæсте иуазгути æма бæрæгбони архайгути рабадун кодтонцæ гъæздуг фингити уæлгъос. Нæ рагфидтæлти æгъдаумæ гæсгæ куд æмбæлуй, уотæ къеретæ æма бæгæнийæй искувтонцæ æма ракурдтонцæ дуйней сабурдзийнадæ æма хуарзæнхитæ.

Фал «Хæларзæрдæ синхæгти фестиваль» уобæл нæ рахецæн æй. Гъæуи идарддæр цудæнцæ аллихузон конкурстæ, спортивон еристæ, адæмон кæфтитæ, игъустæнцæ республики сцени дæснити зартæгæнгутæ.

Гъæуи астæуккаг хай иссæй армдæснити равдисти бунат. Ами айдагъ алли адæмти хуæруйнæгтæ фæууинæн нæ адтæй, фал си æнгъизтæй исахуадун дæр æма сæ бавзарун исцæттæ кæнун дæр.

Цийнæ, амонд æма хæлардзийнади бæрæгбонæй рацæунмæ сæ къах нæбал хаста гъæубæсти цæргутæ æма иуазгути дæр.

***ДЗИУАТИ Анжелæ***





Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1179.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 09.06.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 09.06.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**